

Maladi Kowonaviris 2019

Karantèn aprè yon ekspozisyon posib ak KOVID-19

Rekòmandasyon sante piblik yo pou KOVID-19 la kontinye evolye epi yo mete yo ajou toutotan nouvo prèv syantifik ap vin disponib. Nan jou 2 Desanm. 2020, Sant pou Kontwol ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) teibliye yon [nòt syantifik](#) ki te genyen divès konsiderasyon pou redui karantèn nan pou moun ki ta rive ekspoze ak KOVID-19. Depatman Sante Ohio (Ohio Department of Health, ODH) te rive modifiye direktiv sa yo pou reponn ak bezwen espesifik eta nou an epi ak konsiderasyon ki lye ak sikonstans lokal ansanm ak resous yo.

Rekòmandasyon pou karantèn yo ki adapte pa ODH soutni yon itilizasyon efikas resous yo ak yon rediksyon risk transmisyon aprè-karantèn. Etablisman sante yo, nan konsiltasyon avèk depatman sante lokal yo, kapab konsidere tou [Estrateji CDC pou Afebli Peniri Pèsonèl Sante \(CDC's Strategies to Mitigate Healthcare Personnel Shortage\)s](#).

Opsyon ODH Rekòmande yo pou Karantèn nan Aprè yon Ekspozisyon Posib ak KOVID-19 la

	Dire Karantèn nan	Aksyon ki rekòmande yo
Dire Optimal pou Minimize Risk Transmisyon	<p>Rete lakay pou omwen 14 jou* aprè dènye ekspozisyon an.</p> <p>* Yon peryòd karantèn 14-jou prezante sa ki pi fèb la risk transmisyon aprè-karantèn. Estrateji sa se prefere pou moun k'ap viv nan, travay nan, oubyen vizite lojman kolektif, travay kote gen anpil moun, oubyen lòt paramèt kote transmisyon ekstansiv potansyèl oubyen kontak ak moun ki gen risk k'ap ogmante maladi apati KOVID-19 posib.</p>	<p>Kenbe distans sosyal (omwen 6 pye) ak lòt yo epi mete yon mask lè ou bò kote lòt moun.</p> <p>Siveye tèt ou pou sentòm yo jiska 14èm jou. ((Verifye tanperati de (2) fwa pa jou, siveye lafyèv, tous, respirasyon kout, oubyen lòt sentòm KOVID-19 yo.)</p> <p>Moun ki devlope sentòm KOVID-19 oubyen ki teste pozitif pou KOVID-19 dwe izole tèt yo epi swiv rekòmandasyon yo pou entewonp izolman.</p>
Dire Redui 1	<p>Rete lakay pou omwen 10 jou* aprè dènye ekspozisyon an.</p>	<p>Kenbe distans sosyal (omwen 6 pye) ak lòt yo epi mete yon mask lè ou bò kote lòt moun.</p> <p>Siveye tèt ou pou sentòm yo jiska 14èm jou. ((Verifye tanperati de (2) fwa pa jou, siveye lafyèv, tous, respirasyon kout, oubyen lòt sentòm KOVID-19 yo.)</p> <p>Panse pou jwenn yon tès viris nan fen peryòd sa (jou uit (8) oubyen pi ta) pou ogmante sètitud ke pa genyen enfeksyon, men karantèn pa kapab sispann pi bonè pase aprè 10èm jou.</p> <p>Moun ki devlope sentòm KOVID-19 oubyen ki teste pozitif pou KOVID-19 dwe izole tèt yo epi swiv rekòmandasyon yo pou entewonp izolman.</p>
Dire Redui 2	<p>Rezilta tès negatif pou SARS-CoV-2 (viris ki lakoz KOVID-19 la) apati yon echantiyon ki kolekte sou 5èm jou a oubyen pita aprè ekspozisyon an EPI rete lakay pou omwen sèt jou aprè dènye ekspozisyon an.</p>	<p>Kenbe distans sosyal (omwen 6 pye) ak lòt yo epi mete yon mask lè ou bò kote lòt moun.</p> <p>Siveye tèt ou pou sentòm yo jiska 14èm jou.((Verifye tanperati de (2) fwa pa jou, siveye lafyèv, tous, respirasyon kout, oubyen lòt sentòm KOVID-19 yo.)</p> <p>Moun ki devlope sentòm KOVID-19 oubyen ki teste pozitif pou KOVID-19 dwe izole tèt yo epi swiv rekòmandasyon yo pou entewonp izolman.</p>

Kreye 3 Desanm, 2020.

Pou enfòmasyon adisyonèl, vizite coronavirus.ohio.gov.

Pou repons ak kesyon sou KOVID-19 ou yo, rele 1-833-4-ASK-ODH (1-833-427-5634).

Sante mantal ou enpòtan menm jan ak sante fizik ou. Si ou menm oubyen yon moun pwòch ou ap soufri anksyete ki gen relasyon ak pandemi kowonaviris la, gen èd ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7. Rele COVID-19 CareLine nan 1-800-720-961.